

Diskou inogirasyon Mize Georges Liautaud

Croix des Bouquets, 25 Janvier 2009

Fondasyon AfricAmérica di tout moun mèsi ampil. Espesyalman UNESCO ki bay finansman pou nou rive gen kay panou, se kay sa-a nap batize jodi a. Kay sa pote non yon kokenn chenn atis peyi dayiti pap sa bliye, se:

Georges Liautaud. Map mande nou bat bravo pou memwa li !

Premye bagay map di, men li :

- Mize Georges Liautaud, se yon zouti pa nou, ki rele atis yo chè mètrès. Se yon zouti ki pral bay AfricAmérica jarèt pou kontinye travay li, pi fon, pi solid, nan pi bon kondisyon.

Dezyèm bagay map di nou :

- Misyon Fondasyon AfricAmérica depi 10 lane, se mache chache jèn atis ki gen kapasite tout bon, nan tout rakwen peyi a, pou montre travay atis sa yo, nan bon kondisyon pwofesyonèl, san ankenn prejige, presyon lavant ak machandaj. Ekpozisyon nap gade a se temoyaj anpil atis sa yo. Se konsa nou rive òganize preske 40 ekspozisyon ki mache ansanm avèk yon gwo travay pwomosyon. Konsa tou nou sèvi anpil avèk entènèt pou mete pwodiksyon atistik la onivo entanasyon. Se nan sans pwomosyon sila-a, pi gwo aktivite AfricAmérica se òganizasyon « Forum Transculturel d'Art Contemporain », ki mennen chak 2 zan, atis gwo kalib tout kalite peyi LAFRIK oswa LAMERIK, men tou genyen ki soti an EWÒP, rankontre isit, nan peyi dayiti pou kore atis lokal yo.

Twazyèm bagay map di-a, men li:

- Mize Georges Liautaud nap batize jodi a, se yon espas libète, san kontrent kòmèsyal, ki la pou ankouraje inovasyon, eksperimantasyon ansanm avèk rankont tout kalite disiplin atistik. Se yon espas kap louvri pou piblik la kontre ansanm ak atis yo, pou piblik la konpran sa yap fè.

Map fèmen koze a, avèk chapit wout principal Noailles la. Jounen jodi a se rezilta gwo travay Asosyasyon Atis ak Atizan Kwa dè Boukè "ADAAC", kap travay tèt kole avèk AfricAmérica depi yon lane, gras ak finansman Komisyon Ewopeyèn, Pwogram PRIMA espesyalman, ki pèmèt nou kore Atis ak Atizan vilaj historik Noailles la.

Nap di Komisyon Ewopeyèn mèsi ampil !

Bravo tou pou Serge Jolimeau, pou tout kontribisyon li bay jiskaprezan ! Bravo pou SERGO !

Se Sergio ki louvri je nou sou necesite fè wout Noailles la, paske san bon jan wout, nou te mètrès kostime abiye byen fre, nou rete pye atè pou mache nan labou ak pousyè.

AfricAmérica fè pwomès rasanble tout patnè nasyon, kòm entasyon, pou jwenn yon million dola ameriken ki necesè pou wout la fèt ak bonjan drenaj. Se yon gwo defi, men atis yo anpil, nou pa prese, nou leve bonè, nan tèt kole nap rive.

Barbara Prezeau Stephenson